# Aymaqlardıń abadanlıǵı jolında

Image not found or type unknown

Haqıyqatında da búgin qaysı bir aymaqqa názer taslamayıq,  ol jerde qızǵın jumıslar júrgizilmekte. Usı orında elektr tarmaqları boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslardı da ayrıqsha aytıp ótiw orınlı. Olar hár bir shańaraqta jaqtılıqtıń úziliksiz támiyinleniwi ushın háreket etip atır.

Mine usı háreketlerdiń úziliske túsip qalmawı ushın «Aymaqlıq elektr tarmaqları» AJ administraciyası tárepinen qurılıs-remontlaw jumısları ushın kerekli úskeneler Tashkent qalasınan jetkerip berilmekte. Gezektegi jetip kelgen materiallar aymaqlarǵa jaqtılıq baǵıshlawı ushın xızmet etedi.

Image not found or type unknown

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usı jıldıń mart ayında «Abat awıl» hám «Abat máhálle» baǵdarlamaları boyınsha qabıl etilgen qararı tiykarında 33 mákan puqaralar jıyınlarına 72, 1 kilometr elektr uzatıw tarmaqları,  11 dana transformator punktleri hám 3717 dana jańadan temir-beton baǵanaları ornatıldı.

Image not found or type unknown

Sonday-aq,  iyul ayındaǵı qosımsha úyreniwler barısında paytaxtımızdaǵı 8 mákan puqaralar jıyınlarındaǵı xalıqtıń jasaw sharayatların jaqsılaw menen baylanıslı isleniwi zárúr wazıypalar belgilenip,  búgingi kúni jumıslar mánzilli alıp barılmaqta. Onda elektr energiyası támiynatı menen baylanıslı máseleler de orın alǵan.

Usı kúnge deyin «Ámiwdárya»,  «Qumbız awıl»,  «Jayxun»,  «Juwazshı»,  «Jolshılar», «Anasay» «Jańazabar» hám “Uzınkól” mákan puqaralar jıyınlarında elektr tarmaqların jaqsılaw maqsetinde 21, 6 km elektr uzatıw tarmaqları jańadan tartılıp,  2 dana jańa transformator punktleri ornatıldı hám 637 dana temir-beton baǵanaları tiklendi,  bul baǵdardaǵı jumıslar elede dawam etpekte.

Image not found or type unknown

Aymaqlardaǵı jumıslar «Aymaqlıq elektr tarmaqları» AJ administraciyası tárepinen qadaǵalawǵa alınıp,  qurılıs-remontlaw jumısları ushın kerekli úskeneler Tashkent qalasınan jetkerip berilmekte.

Bar bolǵan mashqalalardi saplastırıw ushın búgingi kúnde 11 brigada biriktirilgen hám zárúr texnikalar menen támiyinlengen.

**«Qaraqalpaq AETK» AJ málimleme xızmeti**